

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran tina bab hiji ngeunaan bubuka, bab dua ngeunaan téori panalungtikan, bab tilu ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan, bab opat ngeunaan analisis, jeung bab lima minangka panutup, kacindekkan tina ieu panalungtikan nya éta kapanasaran panyusun pikeun nalungtik leuwih jero kana kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor, dikasangkutan ku sababaraha hal, Kahiji, kumpulan sajak *DM* euyeub ku ajén-ajén ka Islaman anu dibungkus ku gaya basa-gaya basa nu pinilih, jeung metafor-métafor luhung. Kadua, tina téma anu diusung ku panyajak, téma anu teu matak pikabosenen pamaca dina harti *variatif*. Téma-téma réligi, téma cinta, jeung téma sosial, anu ngébréhkeun daya irut sajak-sajak Acép. Ajén jeung téma éta téh ngajengléng dina runtuyan gaya basa anu éndah, judul-judul sajak anu unik, jadi ciri pangbéda Acép jeung panyajak-panyajak séjénna, hal éta pisan minangka alesan panyusun nalungtik leuwih jero buku kumpulan sajak *DM*. Ieu panalungtikan baris mangpaat lain wungkul pikeun élmu pangaweruh ngeunaan kasastraan, tapi ogé baris mangpaat pikeun élmu kaagamaan hususna agama Islam.

Kusabab ieu panalungtikan ngeunaan sajak, leuwih husus deui ngeunaan gaya basana, téori-téori anu digunakeun pikeun ngaguarna ogé nya éta téori anu aya patalina jeung sajak. Di antarana téori sastra, téori sajak, kaasup kana téori ngeunaan dikisi jeung gaya basa dina sajak, Di sagédéngeun éta, panyusun

ngagunakeun téori ka-Islaman pikeun ngaguar ajén-ajén ka-Islamanana dina sajak-sajak *DM*.

Ieu panalungtikan ngagunakeun métodé déskriptif analitik, nya éta salah sahiji métode dina panalungtikan kualitatif nu bisa dipaké pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fakta-fakta jeung réalita ku cara nganalisis, ngabandingkeun, maham jeung nétélakeun. Lian ti éta, métode déskriptif analitik téh bisa dipaké pikeun ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyieun papasingan, jeung nyurahan atawa nganalisis,

Hasil analisis ieu panalungtikan nya éta kieu. Sajak-sajak dina kumuplan *DM* leubeut ku gaya basa anu éndah tur jadi kakuatan dina téma anu diusungna. Gaya basa anu kapaluruh dina sajak-sajak *DM* jumlahna aya 299 frasa, tina 299 frasa éta, panyusun milah-milah wanda gaya basana. Aya dalapan wanda gaya basa, nya éta 1) gaya basa mijalma anu jumlahna 109, 2) gaya basa rarahulan anu jumlahna aya 72 frasa, 3) gaya basa lalandian anu jumlahna aya 71 frasa, 4) gaya basa ngumpamakeun anu jumlahna aya 17 frasa, 5) gaya basa ngasor anu jumlahna aya 10 frasa, 6) gaya basa ébréhan anu jumlahna aya 10 frasa, 7) gaya basa silib anu jumlahna aya 5 frasa, 8) gaya basa kadalon anu jumlahna aya 5 frasa. Sanggeus medar jeung nganalisis ngeunaan gaya basa, panyusun ogé milah-milah katut ngaguar sacara déskriptif ajén-ajén réligi anu nyumput dina kumuplan sajak *DM*. Ajén-ajén ka-Islaman nyaritakeun kasadrahan panyajak, "pengakuan", sikep "katawadhuan", jeung ajén-ajén liana. Téma-téma anu sipatna umum, nya éta téma cinta jeung téma sosial anu ngahirupkeun ieu kumpulan sajak *DM* nepi

ka mincut ati jeung éstu moal matak pikabosenen pamaca dina enggoning ngaprésiasi sajak-sajak karya Acép Zamzam Noor utamana dina buku kumpulan sajak *DM*.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan ngeunaan gaya basa jeung ajén réligi dina kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor, milah-milah, nyurahan gaya basa, jeung medar ajén, katut téma dina kumpulan sajak *DM*. Disarankeun, sangkan aya panalungtikan lain ngeunaan unsur-unsur séjén dina sajak saperti unsur musikalitas, unsur wangun, jeung unsur sora dina kumpulan sajak *DM*.

Lian ti éta, disarankeun ogé aya panalungtikan anu ngabandingkeun antara sajak Acép nu hiji jeung sajak-sajak Acép liana, boh sajak dina médium basa Sunda, boh sajak dina médium basa Indonésia sangkan leuwih ngajembaran pangaweruh dina widang kasusastraan.

